



CICR

KOMINIKE KWA WOUJ AYISYÈN, KOMITE ENTÈNASYONAL KWA WOUJ AK FEDERASYON ENTÈNASYONAL SOSYETE KWA WOUJ AK KWASAN WOUJ YO SOU PWOTEKSYON MISYON MEDIKAL

Pòtoprens, 26 oktòb 2021

Kòm evènman vyolans moun ak zam kontinye frape Ayiti, distribisyon gaz la ki sispann vin gen konsekans imanitè ki pi grav pou popilasyon an ki paka jwenn sèvis debaz yo, sitou lasante.

Kouran kap koupe tout tan anpeche fonksyonman estrikti medikal yo , machandiz ak sèvis yo. Matènité, swen ijans ak lòt sèvis lopital yo gen risk pou yo kanpe nèt. Pèsonèl kap bay swen yo tou afekte paske yo paka travèse pou yo ale nan travay. Gaz pou delko ki nan lopital yo se ijan pou operasyon kap fèt pou sove lavi.

Lakwa Wouj ayisyèn, avèk sipò patnè li yo nan Mouvman Entènasional kwa Wouj la mobilize nan reponn ak konsekans imanitè tranblemannè nan depatman sid peyi a. Li deplwaye yon lopital ijans kap resevwa plis pase 100 moun chak jou. Operasyon sa a an danje tou akòz gaz ki pa genyen.

Mouvman Entènasional kwa Wouj ta renmen fè tout moun sonje fòk yo pwoteje tout travayè ak travayèz lasante, tout machin kap pote malad, tout enstitisyon kap bay laswenyay e ki gen pou misyon soulaje moun ki malad ou byen kap soufri. Yo pa fèt pou anpeche, ni bloke, ni menase pèsonèl nenpòt ki enstitisyon kap fè operasyon imanitè.

Mouvman Entènasional kwa wouj se yon mouvman imanitè, endepandan ki ap travay san fòs kote, ni patipri. Misyon mouvman sa a se pwoteje lavi moun e fè respekte diyite moun ki viktim nan katastwòf natirèl, nan chirepit ki gen kout zam oubyen nan lòt sitiyasyon vyolans. Mouvman an ap pote sekou epi ede tout moun ki bezwen. Se pousta, li enpòtan pou bay respè, pou anblèm Lakwa Wouj ak Kwasan Wouj, pou anbilans la kwa wouj epi tou pou anplwaye ak volontè la kwa wouj et lòt kategori pèsonèl kap pote sekou selon prensip limanite tankou Kwa Wouj fèl tout kote sou latè.

Pou plis enfòmasyon, tanpri, kontakte :

M. Périclès Jean-Baptiste, Kwa Wouj ayisyèn, tel : +509 4895 6149

Nicolas Lenssens, Misyon Komite Entènasional Kwa Wouj pou Haiti, tel : +509 3153 8698

Susana Arroyo, Biwo rejyonal Federasyon Entènasyonal Sosyete Kwawouj ak Kwasan Wouj yo pou Amerik la, tel : +507 6999 3199